

## Men sa Ki Kapab Pase Si Ou Te Imigran Legal nan yon lòt Peyi anvan Ou Vin nan Peyi Etazini pou Aplike pou Azil.

- Si ou te imigran legal o Brezil (ou nan yon lòt peyi) anvan ou rive nan Etazini pou mande azil, Jij Imigrasyon-a pral bezwen pran desizyon sou kesyon èske ou te “reyenstale solidman” nan yon twazyèm peyi anvan pou yo ba-ou azil, menm si ou ranpli tout lòt kondisyon yo mande pou azil (Nou diskite de sa nan you lòt brochi).
- Gid sila esplike ki tip de ransèyman Jij Imigrasyon-a ka konsidere nan ka-ou pou li deside sike ou sijè a lwa reyenstalasyon solid.
- **ENPÒTAN: Gid sila pa sanse sèvi kòm konsèy legal nan ankenn ka endividyèl. Chak ka diféran, e finalman, se Jij Imigrasyon-an ki pral deside si ou elijib pou asistans. Objektif gid sila se sèlman pou souliyen fè ki ka enpòtan pou yon jij.**

### Lwa Azil sou kesyon Reyentalasyon Solid

Anba lalwa Etazini, you moun ki te fin “solidman reyenstale nan you lòt peyi anvan li rive Ozetazini” pa elijib/kalifye pou resevwa azil. Sidonk lalwa di ke you moun pa ka resevwa azil, moun sa-a ka sèlman resevwa sispansyon de ekspilsyon oubyen proteksyon anba Konvansyon Kont Towti, ki se yon tip de asistans, e yo pi difisil pou pwouve. “Reyenstale Solidman” vle di ke ou resevwa yon òf rezidans pèmanant, sitwayènte, oubyen yon lòt tip de reyenstalasyon pèmanant nan yon twazyèm peyi (apa Etazini oubyen peyi ke ou sitwayen de li), kèlkeswa menm si ou te vin abandone stati-a pa la syit, oubyen ou te deside pa aplike pou stati-a. Men, stati yo te ofri-ou, osnon stati ou te resevwa-an fèt pou li pèmanan (endefini), li pa ka yon stati tanporè.

Genyen de (2) eksepsyon a lwa reyenstalasyon solid lan:

- 1) Si ou te antre nan peyi-an (parekzamp Brezil) kòm konsekans nesèsè de vòl soti Ayiti, ou rete nan peyi-an sèlman tan ki nesèsè pou ranje kontinyasyon vwayaj-ou, e ou pat gen atach enpòtan nan peyi-an; oubyen
- 2) Kondisyon gouvènman te enpoze sou stati-ou te si telman konsiderableman e entansyonèlman limite pa otorite peyi-an ke ou pat reyenstale nan peyi-an.

Pou deside si kondisyon rezidans-ou nan yon lòt peyi te konsiderableman e entansyonèlman limite, Tribinal lan pral ekzaminen **kondisyon** de vi lòt rezidan peyi-an, tip de **lojman** ki te disponib pou ou, tip ak kantite **travay** ki te disponib, ak nan ki mezi ou te resevwa pèmisyon achte **propyete**, avèk jwi de lòt dwa ak privilèj tankou **dokiman vwayaj, edikasyon lekòl, asistans piblik, ou byen natiralizasyon**.

## **Kesyon ak Repons**

### **K: Eske si mwen te genyen Rezidans Pèmanant sa-ap diskalifye mwen pou azil?**

**R:** Probableman, amwens ke ou ka montre ou ranpli youn nan eksepsyon a lwa reyenstalasyon solid lan. (gade anba-a).

### **K: Si mwen gen sèlman you viza imanité, eske sa-ap diskalifye mwen?**

**R:** Pa vreman. Viza imanité yo te bay Ayisyen-yo bay sèlman yon stati tanporè, paske yo bay li pou yon tèm fiks pou 5 an, e kapasite aplike pou rezidans pèmanan anvan li espire depann de si ou gen travay lè ou fè aplikasyon pou renouvle-li. Stati sa-a pa ka konsidere kòm reyenstalasyon solid.

### **K: Si mwen gen Sèlman yo pèmi de travay anba Protokol Refijye, èske sa pral fèm diskalifye pou azil?**

**R:** Probableman. Si ou te Brezil le 11 Oktob 2015 lè Ministè Travay ak Lajistis te anonse yon prosesis pou aplike pou rezidans pèmanant pou Ayisyen antan ke klas, e non-ou te nan lis ki te pliblye-a, yap konsidere sa tankou yon òf de reyenstalasyon solid, menm si ou pat aplike pou li. Gade Matter of A-G-G-25 I. & N. Dec. 486, 502, (BIA 2011). Sepandan, si ou te eseye aplike e yo te anpeche-ou aplike, fò ou di jij lan sa.

### **K: Ki jan mwen ka kalifye pou premye eksepsyon (“san okenn lyen enpòtan”) a lwa reyenstalasyon solid la?**

**R:** Fò ke ou montre ke Brezil te sèlman yon arè tanporè pandan ou tap ranje vwayaj-ou vè yon lòt peyi. Si ou te pase plis ke kèlke mwa nan Brezil, pa gen anpil chans ke eksepsyon sa-a pral aplike a ou menm.

### **K: Ki jan mwen ka kalifye pou dezyèm eksepsyon (“kondisyon ki limite”) a lwa reyenstalasyon solid lan?**

**R:** Fò ke ou montre ke gouvènman Brezilyen-an te reskonsab de nenpòt ki restriksyon ou te sibi nan lòjman, travay, dwa sou propriyete, avèk jwi de lòt dwa ak privilèj, tankou dokimantasyon vwayaj, edikasyon lekòl, asistans piblik, oubyen sitwayènte. Zak vyolans kont etranjé, menas, oubyen diskriminasyon, lè se sitwayen prive ki fè yo, sa pa sifizan pou ranpli kondisyon pou eksepsyon sila, men ou ta dwe pale jij-la de nenpòt ki abi ou te sibi.

### **K: E si ke mwen pa kalifye pou yoyoun nan eksepsyon a lwa reyenstalasyon solid lan, men mwen pat santi mwen an sekirite lè ou te Brezil?**

**R:** Si ou ka demontre ke dan le pase yo te pèsekite-ou lè ou te Brezil, oubyen ou gen bon rezon pè ke yap pèsekite-ou alavni nan Brezil, e ke gouvènman Brezilyen-an pa an mezi, ni pa vle proteje-ou, tribunal-la ta dwe deside ke ou pat reyenstale solidman. Ou ka kalifie tou pou sispansyon de ekspilsyon oubyen asistans anba Konvansyon Kont Towti.